



# Imagine Math Facts

Helping your student succeed at school and at home

Chè Paran oswa Founisè Swen,

Byenvini! Elèv ou a enskri nan Imagine Math Facts pou nouvo ane lekòl sa a! Imagine Math Facts se yon pwogram matematik entè aktif ki ede elèv ou a devlope kapasite ak metriz nan adisyon, soustraksyon, kiliplikasyon ak divizyon. Pou w aprann plis sou li Imagine Math Facts, vizite [www.imaginelearning.com/math/math-facts](http://www.imaginelearning.com/math/math-facts).

## Eksperyans Elèv ou a nan Imagine Math Facts

Imagine Math Facts itilize yon mòd jwèt 3-D imèsif ak pèsonaj yo imagine, ki gen defi entegre ak rekonpans pou ka anseye epi pratike adisyon, soustraksyon, multiplikasyon e divizyon a yonn ou de chif. Toutotan elèv ou a ap pran konesans nan matematik, l ap gen plis konesans nan rezolisyon pwoblèm, pratike panse òd siperyè epi prepare l pou matematik ki pi konplike tankou Aljèb.

Lè elèv ou a kòmanse nan Imagine Math Facts, yo pase yon tès klasman ki idantifye nivo konpetans yo nan moman an epi mete yo sou pwòp pakou aprantisaj pèsonèl yo, avèk defi pèsonèl nan matematik. Toutotan elèv ou a ap itilize Imagine Math Facts, l ap adapte li a nivo pèfòmans elèv ou a, l ap ede l aprann epi mete konpetans li bezwen yo an pratik. Imagine Math Facts li bay sipò odyo an panyòl tou pou ede timoun ti pale panyòl yo.

## Utilize Imagine Math Facts Lakay

Elèv ou a kapab ale sou Imagine Math Facts nan yon navigatè entènèt sou yon òdinatè oswa tablèt(se pa telefòn), l ap konekte ak URL epi enfòmasyon pou konbekte pi ba yo. Ou kapab telechaje Imagine Math Facts Student App Elèv pou Chromebooks apati de [Chrome Web Store](https://chrome.google.com/webstore/detail/imagine-math-facts-student-app-elèv), pou iPads apati de [App Store](https://apps.apple.com/us/app/imagine-math-facts-student-app-elèv), pou aparèy Android apati de [Google Play](https://play.google.com/store/apps/details?id=com.imaginelearning.mathfacts.studentapp) ak [Amazon](https://www.amazon.com/dp/B07KXZQZQZ).

Verifye [help.imaginelearning.com](http://help.imaginelearning.com) pou ka asire w ke òdinatè oswa tablèt ou a reponn a egzijans teknik minimòm yo. Pou ka kenbe pakou aprantisaj elèv ou a inik e pèsonèl epi rapòte kwasans ak pwogrè li, sèlman k ofisyèlman enskri sou Imagine Math Facts ki dwe itilize li lakay.

## Sipòte Pwogrè Elèv Ou a

Ou kapab ede elèv ou a reyisi si w enplike nan eksperyans Imagine Math Facts yo.. Swiv rekòmandasyon sa yo pou w ka pi byen pwofite Imagine Math Facts ane lekòl sa a.

- **Ankouraje elèv ou a itilize Imagine Math Facts lakay li.** Ankouraje elèv ou yo fè tout sa yo kapab pou chak defi matematik yo rankontre nan Imagine Math Facts.
- **Revize pwogrè elèv ou a ak pwofesè li.** Pale sou pwogrè pitit ou a, tan li ta dwe pran pou l metrize konpetans ak pwogrè li nan respè nòm eta a e nòm nasyonal yo.



IMAGINE MATH FACTS  
LOGIN

Student: \_\_\_\_\_

URL: \_\_\_\_\_

Username: \_\_\_\_\_

Password: \_\_\_\_\_

